



Pa Founi Bagay ki Pa Nesesè

Restriksyon sou Founiti Istansil, Kondiman, Sèvyèt an Papye ak Resipyan



Apati 31 Jiyè 2023, etablisman restorasyon nan Vil New York* ki ofri pla a anpòte yo oswa ki fè sèvis livrezon yo dwe respekte reskriksyon sa yo:

- Ou pa dwe founi istansil, sachè kondiman, sèvyèt an papye, oswa pla siplemantè pou pla a anpòte oswa pou sèvis livrezon yo, sof si kliyan an mande sa a.
- Aplikasyon kòmman ak livrezon anliy ou an dwe aktive pa defo sou opsyon pa founi istansil, kondiman, sèvyèt an papye ak asyèt, sepandan ou ka bay posiblite pou yo mande yo anliy si w ofri yo.
- Sèvis livrezon ak kourye yo pa dwe founi atik sa yo sof si se kliyan an ki mande atik sa yo.

*Restriksyon sa yo pa aplike pou estasyon lib sèvis ou jwenn anndan yon etablisman restorasyon.

Avètisman yo ap kòmanse **31 Jiyè 2023** epi y ap enpoze amann yo apati **1ye Jiyè 2024**.

Lwa sa diminye sou gaspiyaj ak depans inital pou biznis yo pandan l ap chanje abitud kliyan yo nan sa ki gen pou wè ak atik moun itilize yon sèl fwa yo.

- Telechaje egzanp
- pannkat yo epi jwenn
- plis enfòmasyon,
- **rele 311**, ale sou
- **nyc.gov/skipthestuff**,
- oswa eskane kòd sa a.

